

## APLIKE JODI A MENM

Pwogram asirans sante piblik tankou Medicaid, Essential Plan, ak Child Health Plus disponib pou ou pandan tout ane a.

Asirans sante prive disponib chak ane pandan peryòd enskripsyon lib epi si ou gen yon evènman admisib.

## MAKE KALANDRIYE OU!

Aplike avan 15 desanm pou pwoteksyon ou ka kòmanse 1ye janvyè

## OU PA BYEN KONNEN SI OU KALIFYE?

Pa gen pwoblèm—ou kapab aplike nenpòt lè pou chèche konnen.

Li pi fasil pase anvan pou konnen chwa pwoteksyon sante ou!

## JWENN ÈD FINANSYE

Selon revni ou, ou ka jwenn èd finansye pou ede ou bese pri asirans ou.

Ou kapab aplike pou pwoteksyon asirans nan NY State of Health nenpòt lè nan ane a.

## POU JWENN PLIS ENFÒMASYON

Ale sou sitwèb NY State of Health nan [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov), oswa rele 311 oswa 1-855-355-5777



# LGBTQI\* Jwenn Pwoteksyon!

## avèk asirans sante

### Ki chwa pwoteksyon asirans sante mwen?

Si ou pa kapab jwenn pwoteksyon asirans nan yon djòb oswa avèk yon manm fanmi ou, ou kapab jwenn chwa asirans bon mache nan **Mache Asirans NY State of Health**. Men kijan:

- Aplike sou entènèt, nan telefòn oswa fas-a-fas. Gen èd nan telefòn ak fas-a-fas ki disponib nan anpil lang.
- Ranpli yon fòm aplikasyon pou konnen si ou kapab jwenn èd finansye, epi pou enskri nan nenpòt plan sante ou kalifye pou li nan Mache Asirans lan.
- Konjwen menm sèks yo kapab resevwa yon kredi nan taks pou ede yo achte asirans prive si yo kalifye dapre revni yo epi si yo ranpli fòm deklarasyon taks sou revni yo ansanm.

Ou kapab achte asirans prive dirèkteman nan yon konpayi asirans, men ou p ap resevwa èd finansye si ou fè sa.

### Kisa pou mwen fè si mwen se yon transeksyèl oswa sèks ki pa konfòm epi mwen vle gen aksè nan swen sante ki pou gen pou wè ak tranzisyon?

- Kounye a, New York State Medicaid bay pwoteksyon pou swen sante ki gen pou wè ak tranzisyon.
- Plan asirans prive yo pa kapab ba ou refi pou tretman pou swen sante ki gen pou wè ak tranzisyon lè doktè ou deklare li nesèsè pou rezon medikal.

**\*Lesbyèn, Gason Makòmè, Biseksyèl, Transjan, Moun k ap Kesyonè Sèks yo, Entèsèks**

## Kijan pou mwen jwenn pwofesyonèl swen sante ak sèvis ki amikal pou LGBTQI?

- Si ou pa gen yon pwofesyonèl swen sante, ou kapab jwenn enfòmasyon sou sant swen sante ki vle wè LGBTQI nan **Gid Sèvis ak Resous Vil New York pou LGBTQ:**  
[comptroller.nyc.gov/help/lgbtq-directory/](http://comptroller.nyc.gov/help/lgbtq-directory/)



- **Sant Sante LGBT Metropolitan Hospital**, yon manm sistèm lopital piblik (NYC Health + Hospitals), ofri swen sante konplè pou moun ak fanmi yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb: [nyc.gov/html/hhc/mhc/html/services/lgbtq-program.shtml](http://nyc.gov/html/hhc/mhc/html/services/lgbtq-program.shtml)
- Si ou renmen doktè ou yo, mande yo ki plan sante yo aksepte. Sou sitwèb **NY State of Health**, ou kapab chèche selon doktè ak lopital pou wè avèk ki konpayi asirans yo travay.

## Kisa pou mwen fè si mwen gen VIH oswa SIDA?

Si ou pa gen asirans, Pwogram Èd pou Medikaman pou Moun ki Gen SIDA (AIDS Drug Assistance Program, ADAP) kapab ede ou jwenn medikaman sou preskripsyon ak swen ou bezwen an. Moun ki selibatè epi ki touche revni ki se apeprè \$51,678 dola chak ane kapab jwenn èd.

- ADAP bay medikaman sou preskripsyon gratis pou VIH ki lakòz enfeksyon opòtinis.
- ADAP Plus bay sèvis swen prensipal nan depatman pasyan ki pa entène nan klinik ak lopital yo chwazi.

Si ou gen asirans sante prive, Pwogram Kontinyasyon Asirans ADAP Plus (ADAP Plus Insurance Continuation Program, APIC) kapab ede ou peye pou frè ou yo pa mwa.

Rele nimewo 1-800-542-2437 oswa imèl [adap@health.state.ny.us](mailto:adap@health.state.ny.us) pou jwenn plis enfòmasyon. Ou kapab ale tou sou sitwèb [health.ny.gov/forms/doh-2794.pdf](http://health.ny.gov/forms/doh-2794.pdf) pou telechaje ak aplike pou ADAP, ADAP Plus ak APIC sou yon aplikasyon.

Si ou kalifye pou Medicaid, ou kapab chwazi yon Plan pou Bezwen Espesyal pou VIH (VIH SNP) alapas yon plan swen sante kontwole Medicaid.

Ale sou sitwèb NY State of Health oswa rele Liy Èd New York Medicaid CHOICE nan nimewo 1-800-505-5678 pou enskri nan yon an VIH SNP.

## Kisa pou mwen fè si mwen bezwen swen sante seksyèl ak swen sante pou repwodiksyon ki gratis ak konfidansyèl?

Swen sante repwodiktif ki gratis ak konfidansyèl, tankou egzamen prevantif ak tès STI, disponib pou gason ak fanm ki kalifye yo avèk Family Planning Benefit Program. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan sitwèb [nyc.gov/hilink/famplan](http://nyc.gov/hilink/famplan).



## Kisa pou mwen fè si mwen pa gen asirans epi si mwen bezwen ale kay doktè?

Si ou pa gen asirans sante epi si ou bezwen swen sante, li disponib pou ou.

Sistèm lopital piblik Vil la (Health + Hospitals) ak sant sante kominotè lokal yo bay swen medikal sou baz yon frè redui, selon revni ou. Ale sou sitwèb [nyc.gov/hilink](http://nyc.gov/hilink) pou jwenn plis enfòmasyon sou resous swen sante pou moun ki pa gen asirans.

**Pa poze tèt ou kesyon - aplike senpleman. Li pi fasil kounye pase anvan pou konnen chwa pwoteksyon ou yo!**